



Pou Piblikasyon Imedya: 10/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANSANM AK LIDÈ LEJISLATIF YO ANONSE KE BIDJÈ YO ADOPTE POU ANE FISKAL 2020 AN GEN LADAN ENVESTISMAN ISTORIK 15 MILYON DOLA POU SÈVIS LOKAL KI BAZE NAN KOMINOTE YO POU GRANMOUN AJE NEW YORK YO

Bidjè a Gen Ladan Premye Pwogram nan Nasyon an Ki Pral Devlope Modèl Peman Prive pou Swen yo pou Ogmante Aksè a Sèvis pou Moun Aje yo pou Fanmi Ki Gen Revni Mwayen yo

Investisman Istorik yo Ap Ogmante Aksè a Sèvis Krisyal yo Pou Granmoun Aje Yo ak Moun Ki Ap Pran Swen yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Oratè Asanble a Carl Heastie te anonse jodi a ke yo te enkli yon investisman istorik 15 milyon dola ak chanjman politik revolisyonè yo nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an pou abòde nesesite lokal ki pa konble yo pou sèvis ki baze nan kominote yo pou granmoun aje New York yo. Finansman an pral pèmèt granmoun aje New York yo rete ap viv an endepandans lakay yo ak nan kominote yo chwazi yo epi sipòte premye politik nasyon an yo pou ogmante aksè a sèvis rezo pou granmoun aje yo pou fanmi ki gen revni mwayen yo.

"Chak moun New York - kèlkeswa laj yo - merite pi bon chans pou yo ka gen yon lavi an sante epi ak kè kontan, epi nou te rebran angajman sa a nan bidjè ane sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Finansman sa a pral sipòte sèvis krisyal yo tankou pla manje ki livre a domisil yo ak jesyon dosye yo ki pral gen yon gwo enpak sou alafwa granmoun aje yo ak moun ki ap pran swen yo, epi kontinye pozisyone New York kòm lidè nan sipòte granmoun aje yo pou yo viv an tout endepandans epi angaje lavi yo nan kominote yo."

Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Asire ke granmoun aje New York yo kapab viv epi pwospere nan eta nou an se yon priyorite pou Majorite Sena a. Mwen fyè dèske nou te kapab bay finansman adisyonèl pou pwogram granmoun aje yo nan Bidjè Eta final la. Mwen vle felisite Senatris Rachel May poutèt lidèchip li antan ke Prezidan Komite Moun Aje nan Sena lan (Senate Aging Committee), epi mwen remèsye Oratè Carl Heastie ansanm ak Gouvènè Cuomo poutèt yo travay ansanm pou pwoteje granmoun aje New York yo".

Oratè Asanble a Carl Heastie te deklare, "Majorite Asanble a angaje nan pwoteje sante, sekirite ak endepandans granmoun aje New York yo. Popilasyon ki ap vyeyi nou genyen an fè pati entegral kominote nou yo epi li te ede kreye katye yo kote yo te viv yo. Bidjè sa a abòde anpil nesesite ki pa konble epi li ap asire ke granmoun aje yo ak moun ki ap pran swen yo gen aksè a sèvis sipò yo ke yo bezwen pou yo ka vyeyi ak dinyite".

"Fason nou pran swen popilasyon ki pi vilnerab pami nou yo se yon reflè priyorite nou genyen yo antan ke yon Eta", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.**

"Investisman bidjè istorik sa a pral sipòte nesesite granmoun aje New York yo epi asire ke yo gen sèvis ak swen ki deja aksesib pou yo. Inisyativ sa a fè pati efò nou kontinye fè yo pou dirije nasyon an antan ke yon eta ki apwopriye pou moun tout laj yo."

Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an ap ajoute sou angajman Gouvènè Cuomo pran pou fè New York vin yon eta ki apwopriye pou moun tout laj yo epi favorize moun ki ap vyeyi an sante nan travay gouvènman eta a. Bidjè a ap investi yon fason konsiderab nan sèvis rezo granmoun aje nan Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la (New York State Office for the Aging, NYSOFA), ki pral ede granmoun aje yo rete endepandan, sipòte fanmi ak zanmi yo nan wòl yo pou pran swen moun, epi retade depans pou Medicaid nan fiti yo apati entèvansyon ak mwens sèvis entansif yo pi bonè. Gran Pwen yo enkli:

- Yon investisman peryodik istorik 15 milyon dola ki sible konte ki rapòte nesesite lokal ki pa konble yo tankou swen pèsònèl, pla manje ke yo livre a domisil yo, jesyon dosye yo, modifikasyon a domisil yo ansanm ak lòt sèvis yo. Investisman ki sible sa a pral imedyatman ede bay sèvis a plizyè milye granmoun aje ki an danje ke yo te evalye epi ki bezwen sèvis yo
- Otorize NYSOFA devlope yon mache peman prive pou ogmante kapasite rezo sèvis pou granmoun aje yo pou bay sèvis a plis moun ki gen tout nivo revni yo, epi pou asire ke konsomatè yo ka aksede a rezo founisè objektif ki pwofesyonèl ke sèl objektif yo se ede granmoun aje yo rete endepandan
- Ogmante angajman eta a pran anvè refòm sistèm NY Connects lan, ki ap bay resous adisyonèl bay biwo konte yo pou patnè sant pou granmoun aje epi pou viv endepandan yo pou ede moun tout nivo laj yo aksede a sèvis ak sipò alontèm yo
- Bay finansman pou elaji efò ki ap fèt atravè Eta a yo pou bay entèvansyon ki baze sou evidans yo pou abòde enpak devastatè pwoblèm kwonik yo, tankou jesyon otonòm maladi kwonik yo, jesyon otonòm pou dyabèt, ak pwogram prevansyon chit yo, pami lòt bagay yo
- Bay resous pou yo investi toujou nan fòmasyon, edikasyon ak sètifikasyon leta pou pèsònèl rezo pou granmoun aje yo pou asire ke pwofesyonèl rezo sèvis pou granmoun aje New York yo gen tou dènye konesans ak aptitud yo

NYSOFA ap pwomouvwa epi administre pwogram ak sèvis pou moun New York ki gen laj 60 an oswa pi plis yo. Li ap bay lidèchip ak direksyon pou ale nan yon rezo ki entegre, ki kowòdone ant 59 ajans pou granmoun aje ki nan zòn ki baze nan konte a yo ak plis pase 1,200 òganizasyon piblik ak prive yo ki ap bay sèvis epi ede bay granmoun aje ak fanmi yo mwayen. NYSOFA ansanm ak patnè li yo te bay sèvis a plis pase 700,000 granmoun aje ane pase.

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, gouvènman Eta New York te montre devouman inebranlab anvè plis pase 4.3 milyon granmoun aje ki nan Eta a yo ak moun enfòmèl ki ap pran swen yo ki ap sipòte yo. An 2018, Gouvènè Cuomo te pibliye yon [dekrè egzekitif](#) pou sipòte New York antan ke [premye eta ki apwopriye pou moun tout laj yo nan nasyon an](#). Chwa sa a gen ladan vyeyès an sante epi kenbe endepandans atravè ekspansyon ak pi bon kowòdinasyon sèvis ki baze nan kominote yo. Apati itilizasyon [Kalandriye Prevansyon an](#) antan ke rezo primòdyal la, Gouvènè Cuomo te lanse yon apwòch [Sante Atravè Tout Politik yo \(Health Across All Policies\)](#), kote ajans eta yo ap travay ansanm pou pran an kont jan politik ak pwogram yo ka fè enpak pozitif sou sante piblik. Pwogram ak sèvis pou granmoun aje santral NYSOFA yo te kontinye devlope sou lidèchip Gouvènè Cuomo, sa ki ap ogmante aksè a sèvis yo atravè eta a.

Greg Olsen, ki se Direktè Pwovizwa Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la, te deklare, "Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an demontre angajman Gouvènè Cuomo pran ki ap kontinye anvè granmoun aje yo ak fanmi yo. Seri investisman ak chanjman nan politik yo pral chanje pou toutan fason yo bay sèvis pou granmoun aje yo apati finansman sèvis pou sila yo ki kalifye men ki ap rete tann sèvis yo; nan bay otorizasyon pou sèvi fanmi klas mwayèn yo ak sèvis ki pa chè, ki fè gwo enpak ki ap kenbe endepandans yo; epi kontinye bay travayè yo sètifikasyon ki baze sou aptitud yo, edikasyon ke yo ka mezire, fòmasyon, ak sètifikasyon leta yo pou ke popilasyon an ka konfyan nan bon jan kalite sèvis ke yo ap bay yo. Aksyon sa yo se yon egzanp klè de angajman Gouvènè a pran anvè granmoun aje New York yo epi pou ki yo te chwazi New York kòm premye eta ki apwopriye pou moun tout laj yo nan nasyon an".

Senatris Rachel May, ki se Prezidan Komite Moun Aje nan Sena Eta New York lan, te deklare, "Antan ke Prezidan Komite Moun Aje nan Sena Eta New York lan, se yon priyorite pou mwen pou ke nou finanse sèvis ki ap asire ke granmoun aje yo gen dinyite ak swen ke yo merite. Finansman ki ogmante pou sèvis pou granmoun aje yo se yon viktwa reyèl pou tout moun. Te genyen aktyèlman moun ki nan laj 90 an yo ki t'ap rete tann sèvis a domisil yo. Ak investisman rekò ki te fèt ane sa a, plis granmoun aje pral resewa swen ke yo bezwen pou yo kapab viv lakay yo epi pran laj san yo pa deplase. Finalman, tout bagay sa yo pral ekonomize lajan leta a apati rediksyon nesosite pou moun al viv nan mezon retrèt yo. Mwen kontan anpil poutèt mwen te kapab ede garanti finansman krisyal sa a epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li sou pwoblèm sa a".

Manm Asanble a Harry Bronson, ki se Prezidan Komite Moun Aje nan Asanble Eta New York lan, te deklare, "New York angaje nan pwoteje sante, sekirite, endepandans, ak kalite lavi granmoun aje New York yo. Plan depans nou an ap fè investisman ki nesèsè anpil nan pwogram ke popilasyon granmoun aje nou an bezwen pou yo ka kontinye pwofite de kominote yo epi pran laj yon fason konfòtab epi ak dinyite".

Beth Finkel, ki se Direktè AARP Eta New York lan te deklare, "Ogmantasyon 15 milyon dola istorik sa a pou pla manje ke yo livre a domisil yo, transpò pou ale nan randevou medikal yo, asistans nan aktivite jounalye yo ak sèvis similè yo pral ede plizyè milye fanmi klas mwayèn epi ki ap travay yo evite voye moun yo renmen yo nan mezon retrèt ki pi chè, ki finanse pa lajan kontribiyab yo. Se yon bagay ki sanse epi ki sanse sou plan fiskal pou nou sipòte moun ki ap pran swen fanmi yo nan ede moun yo renmen yo kontinye rete viv nan kay yo ak dinyite, jan ke gwo majorite a vle sa. AARP ap remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li nan abòde nesosite ki ap ogmante sa a pou

popilasyon nou an ki ap vyeyi rapidman apati pwopozisyon ogmantasyon sa a epi asire enklizyon li, ansanm ak inisyativ peman prive ki se premye nan nasyon an ak finansman pou lòt sèvis ki efikas yo, nan bidjè eta final la".

Al Cardillo, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosiyasyon Swen A Domisil (Home Care Association, HCA) Eta New York la, te deklare, "HCA bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak Direktè Olsen poutèt nouvo sipò inovan sa yo pou sèvis a domisil ak kominotè yo. Nouvo investisman kreyatif sa a ap ede granmoun aje yo aksede a sèvis yo; sipòte ajans swen a domisil HCA yo pou bay sèvis ki elaji; epi fè pa annavan pou ale nan yon vizyon nouvèl fason epi ki nesèsè yo pou ka finanse yon fason prive swen alontèm yo an konbinezon ak Medicaid. Yo pa ta dwe prive sèvis a domisil ak swen alontèm yo de diskisyon bazik, kouvèti asirans sante prensipal yo, epi nouvo pwogram sa a ka yon pa enpòtan nan chanje tandans sa a. HCA ak ajans swen a domisil nou yo espere travay ansanm ak Gouvènè a ak Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la nan reyalize gwo objektif nouvo pwogram sa nan Eta New York".

Ann Marie Cook, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Lifespan lan, te deklare, "Mwen vle sensèman remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip kontinyèl li pou granmoun aje yo ak moun ki ap pran swen fanmi yo. Bidjè sa a demontre gwo angajman li pran pou asire ke granmoun aje yo ap resevwa sipò ke yo bezwen pou rete endepandan epi nan kominote a. Soti depi nan finansman pou rive nan anpeche abi sou granmoun aje yo, pou rive nan investisman krisyal yo pou abòde nesèsite ki pa konble yo, Gouvènè a te pwouve ke li angaje nan asiste moun New York ki te pase plizyè ane nan lavi yo nan fè kominote nou yo vin yon kote ki pi bon pou moun viv".

Holly Rhodes-Teague, ki se Prezidan Konsèy Asosiyasyon pou Granmoun Aje (Association on Aging) nan New York ak Direktè Biwo pou Granmoun Aje nan Konte Suffolk la, te deklare, "Asosiyasyon pou Granmoun Aje nan New York lan remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Biwo pou Granmoun Aje Eta New York lan poutèt lidèchip yo nan asire ke rezo granmoun aje a gen finansman ki nesèsè pou bay sèvis ki baze nan kominote yo ke granmoun aje New York yo te mande pou yo kapab rete endepandan lakay yo ak nan kominote yo".

Allison Nickerson, ki se Direktris Egzekitif LiveOn NY, te deklare, "LiveOn NY fyè de pwogrè ki te fèt nan bidjè ane sa a pou asire disponibilite sèvis pou popilasyon granmoun aje New York lan, ak anfas konsiderab sou pi bon sipò pou granmoun aje ki chita lakay yo nan zòn ki gen anpil nesèsite yo. Nou espere kontinye travay ansanm ak Eta a pou jwenn nouvèl fason inovan pou sipòte popilasyon granmoun aje New York lan epi sèvi kominote nou yo pi byen. Soti depi nan NY Connects, pou rive nan pla manje yo livre a domisil yo, pou rive nan jesyon dosye yo, nou remèsye Gouvènè Cuomo, Direktè Pwovizwa Biwo pou Granmoun Aje Eta la Greg Olsen, ansanm ak tout Kò Lejislatif la poutèt sipò ki ogmante ke yo te bay pou pwogram sa yo ki ap konsève lavi".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)